

REFLEKSYON SOU SA YON PAPA YE

P. Maurice Elder Hyppolite, sdb

Moun - Revue de philosophie 5 (2007) 167-180

Alokasyon preparasyon selebrasyon ane 2000-la, Konferans Evèk Ayiti-yo te òganize yon sesyon nasyonal refleksyon ak rechèch sou realite « patènite »-a, 25-28 me 1999, nan Sen Lwi d’Gonzag, Dèlma, Pòtoprens. Se lè sa-a nou te pataje refleksyon sa-a n-ap pibliye kounye-a. Nou kite tèks-la jan-l te ye-a, menm si nou konnen li ta mande aprofondisman sou divès pwèn. Nou sèlman fè kèk ti koreksyon. Li pa-t gen anpil nòt epi stil-la te oral dapre anbyans dyalòg ki te genyen-an. Entansyon refleksyon sa-a odepa li te teolojik, men kòm se apati analiz realite moun-nan li te fèt, se yon paròl ki konsène refleksyon filozofik-la tou.

Nimero « Moun – Revue de philosophie » sa-a ap abòde realite edikasyon-an sou plan filozofik, donk li enteresan pou poze kesyon sou « patènite »-a paske se youn nan pilye fondamantal ki pèmèt divès etap fòmasyon pèsonalite moun-nan vin gen yon baz solid.

Pou kòmansè : Yon efò pou reflechi

Premye kesyon n-ap poze tèt-nou nan kòmansman refleksyon sa-a se va osijè renmen-an. Lè-ou di yon moun ou renmen-l, kisa-ou vle di? Ki lide ki vin nan tèt-ou? Kisa ki pase nan lespri-ou?

An jeneral, lè-ou poze moun kesyon sa-a, ou santi yo jennen, kòm si se pa yon bagay pou ta pale, oubyen se yon bagay ki tèlman rezève, tèlman entim, yo pa wè kijan pou yo ta di-l an piblik, oubyen ankò yo pa abitye reflechi sou koze konsa.

Si nou ta fè yon ti rete sou dènye posibilite-a pou nou gade, nou ta wè se kòm si bagay ki enpòtan pou nou nan lavi-nou, nou pa toujou pran tan konsidere-yo, gade-yo, konprann-yo.

Mo « renmen »-an oubyen lide-a glise tousuit sot nan zòrèy-nou al nan kè-nou, nan emosyon-nou, nan santiman-nou, al antere nan kò-nou, epi nou bèbè... nou pè, nou jennen.

Sa mande yon gro efò, pou fè yon bèl respirasyon epi pou kòmanse pran yon distans parapò a mo-a, a lide-a, ak tout sa li reveye nan nou sou pa anndan, nan memwa-nou, nan afektivite-nou. Pran yon distans, men, an menm tan pa neglije ni demanti okenn eleman nan realite-a.

Se yon bagay ki toujou difisil pou fè, paske se tout ou menm ki angaje nan kesyon-an, sa vle di : rezon-an, entèlijans-la k-ap pèmèt nou pran distans-la, li mache ak bagay l-ap eseye ale lwen-l nan. Se tankou lè yon gonm chiklèt kole nan men-ou, ou-ap eseye dekole-l ak lòt men-an epi li pran nan gonm-nan tou, epi tou de men-yo vin mele nan gonm chiklèt-la. Bon, sètènman, apre yon ti tan, ak yon ti efò n-ap fini pa lave men-nou.

Konparezon se pa rezon, men li ka sèvi nou pou nou konprann ti refleksyon mwen pral envite nou fè ansanm-nan pou ede nou, si se posib, si sa ka fèt, pou ede nou antre nan sesyon sa-a ki se yon sesyon refleksyon, donk yon tan pou pran distans, pou konprann pi byen epi pou viv pi byen relasyon-nou avèk sous egzistans-nou: Papa-a!

A. Poze kesyon sou realite Papa-a, se poze kesyon sou realite renmen-an.

Pou nou reflechi sou sa yon papa ye epi sou sa Papa-a ye, nou bezwen wè klè toudabò sou sa renmen-an ye. Paske se nan yon kalite relasyon renmen vin gen yon papa ak yon manman ak yon pitit.

Mwen ta renmen tounen sou kesyon mwen te poze nou nan kòmansman-an: « Kisa sa vle di pou nou, lè nou di yon moun nou renmen-l? » Repons nou bay kesyon sa-a enpòtan anpil pou nou kapab reflechi tout bon vre ansanm epi pou nou sou menm nivo-a lè n-ap pale.

a) Ase souvan nan preparasyon maryaj, fianse-yo konn reponn kesyon-an konsa: « Mwen renmen-ou » vle di: Mwen anvì ou / Mwen anvì viv avèk ou / Lè-m bò kote-ou mwen santi-m byen...

b) Lè se de zanmi ou poze kesyon-an yo konn reponn konsa: Mwen anvi : / wè-ou / ede-ou / ou ede-m / bò kote-ou / ou bò kote-m // Sa fè-m plezi pale avè-ou / ou pale avè-m...

c) Petèt, pafwa, nan relasyon papa/manman ak pitit yo oubyen pè/mè/frè ak fidèl yo, ak elèv yo ou ka jwenn yon twazyèm seri repons: Mwen anvi wè byen-ou / Mwen anvi wè-ou byen / wè ou realize lavi-ou / ou reyisi / ou grandi...

Antouka, repons-yo toujou ale nan sans yon santiman ki fò, yon santiman ou pa kapab kontrole, se sa mo « *anvi* »-a vle montre. Li koresponn an fransè ak « *désir* ». Renmen-an se yon kalite swaf ki egziste nan relasyon ant de moun. Men se plis pase yon santiman, se yon fòs ki « *pouse ou aji* », se yon enèji k-ap deplwaye apati tout sa moun-nan ye.

Twa kalite repons sa-yo koresponn ak twa mo diferan ansyen pèp Grèk-la te genyen pou di renmen-an: *eròs* (ἔρως) - *filia* (φιλία) - *agapè* (ἀγάπη)¹. Yo chak gen plas yo, yo chak gen ròl yo, yo toulètwa enpòtan men *agapè* (ἀγάπη)-a se li ki pi ro. Desen-yo ap eseye fè nou kapte diferans-la pi byen².



a.1) Premye-a (ἔρως) vle di yon atirans fizik pou satisfaksyon moun-nan oubyen moun-yo. An jeneral, se atirans fizik mesye ak madanm genyen youn pou lòt. Sètènman se yon realite ki bon, ki onèt, ki koresponn ak youn nan dimansyon fondamantal egzistans moun-nan kòm « *être social* », men, akòz realite peche-a ak feblès nati nou, ren-


¹ Sen Toma d'Aken pale de: « *Amor* » ki fonde sou anvi sansib-la; « *dilectio* », kote rezon-an ak volonte-a ta pi prezan nan yon desizyon libète-a; epi « *caritas* », renmen-an nan sans ki pi ro-a, nan sans Kris-la te montre-l la. Dyalòg Jezu avèk Pyè apre rezireksyon-an jwe sou de nan mo grèk-yo dapre divès profondè renmen-an kapab genyen-an: Premye fwa Jezu mande Pyè si-l renmen-l nan li di-l : ἀγαπᾷς με πλέον τούτων (« *diligis me plus his* »), « èske ou renmen-m [tout bon] plis pase [jan] lòt-yo [ta kapab renmen-m] ? », Pyè reponn antan-l di li renmen-l, li sansib pou li, ak renmen òdinè-a epi li refize konpare-l ak lòt-yo : φιλῶ σε (« *amo te* »). Dezyèm fwa-a Jezu aksepte li pa konpare tèt-li ak lòt-yo, li mande-l sèlman èske li renmen-l tout bon : ἀγαπᾷς με (« *diligis me* »), Pyè reponn menm jan-an. Men twazyèm fwa-a lè Jezu desann nan nivo renmen Pyè di-l genyen pou li-a antan li kesyone-l avèk menm vèb Pyè te vle sèvi ak li-a : φιλέω με (« *amas me* »), Pyè pran chagren poutèt sa epi li reponn : « Granmèt, ou konnen byen tout bagay, ou konnen mwen sansib pou ou (φιλῶ σε, 'amo te') » (Jan 21,15-17).

² Se Philomé Michel, sdb, ki fè desen-yo.

men sa-a kapab tounen yon tiran kraze brize ki vle sèl mèt e ki fè moun esklav, paske an jeneral atirans sa-a moun-nan pa gen tròp kontròl sou li.



b.1) Dezyèm-nan (φιλία) se yon relasyon zanmi ki vle pou youn pataje sa-l ye ak sa-l genyen ak lòt la antan fòs atirans fizik-la pa premye eleman, se plis yon atirans nou ta di ‘psikolojik’, menm si se yon nesosite pou zanmi-yo rankontre, wè youn lòt, pale ansanm, ede youn lòt. Se alafwa yon relasyon ki vini pou kont li epi, an menm tan, ki se rezilta yon desizyon de moun kapab pran san yo pa di sa eksplisitman, e l-ap dire tout tan yo vle pran swen relasyon-an.



c.1) Twazyèm-nan (ἀγάπη) se desizyon yon moun pran ak tout libète-l pou-l chèche byen youn lòt. Chèche fè sa ki bon pou lòt-la, k-ap ede-l grandi, realize tout kapasite li genyen. Renmen sa-a se yon desizyon paske li kapab mennen moun-nan jous nan soufrans epi nan lanmò. Si se pa-t yon desizyon lib moun-nan te pran ak fèm konviksyon-l, li pa ta ka rive nan dènye bout sa-a. Se fòse yo ta v-ap fòse-l. Renmen sa-a kapab rive jous nan vle wè byen pou moun k-ap fè-ou mal-la!

Renmen ἀγάπη-a se li menm ki tounen definisyon Bondye nan Nouvo Testaman-an (1 Jan 4,8). Yo di youn ou de fwa Bondye se « zanmi moun », « li gen bon jan ak moun », lè yo pale de « *philanthropie de Dieu* » (Tit 3,4 ; Sajès 1,6 ; 7,23 ; 12,19), men yo pa janm di li se ἔρος, menm lè y-ap dekri relasyon Bondye ak Israël dapre metafò renmen maryaj-la. Epoutan se ἔρος ki te plis sèvi nan literati ak relijyon Grèk-yo, yo te menm konsidere ἔρος tankou yon dye. Renmen Bondye-a se ἀγάπη-a, se nan li tout lòt ekspresyon renmen dwe abouti. Se sa Jezi deklare lè-l di: « *Pèsonn pa gen pi gran renmen pase sa-a : pou youn moun depoze nanm-li pou zanmi-l yo* » (Jn 15,13).

Se yon renmen granmoun (« *adulte* ») ki se yon repons lib youn moun bay avèk tout li menm, avèk tout danje ki ka genyen nan

angajman sa-a. Se pa yon senp reaksyon fizik, yon sansasyon k-ap pase byen vit, atèlpwen moun-nan nou te di nou renmen-an, nou ta vin di nou pa renmen-l ankò... Pa gen « te » nan renmen ἀγάπη-a, sof pou di sa ki « te » deja la-a toujou ap kontinye, paske, si se pa yon manti ou-ap bay, lè-ou di yon moun « mwen renmen-ou », se pou tout tan. Paske si se lòt-la mwen renmen, fòk mwen konprann lòt-la se pa yon stati, yon bagay ki an plas, ki pap chanje oubyen ki pa gen dwa chanje. Non! Lòt-la, se yon rivyè avèk sous-li, kaskad-li, toubiyon-li, kanal irigasyon-li, labou-li, limon-li, anbouchili, lanmè-li. Lè-m di mwen renmen lòt-la, se tout sa mwen renmen an menm tan, tout lòt-la avèk pase-li, prezan-li, avni-li, paske tou sa se li. Si se pou yon moman sèlman mwen renmen nan lòt-la, se pa « lòt »-la mwen renmen, se yon bagay, yon moman, mwen apresye, mwen anvii jwi nan lòt-la. Kon bagay-la oubyen moman-an pase, lòt-la pa enterese-m ankò. Donk, se pa yon « mwen renmen-ou » mwen te di, men yon « mwen renmen yon bagay nan ou » !

Renmen ἀγάπη-a se yon desizyon moun lib ki vle wè lòt-la lib, kote pa gen plas pou sèvi ak lòt-la (« *manipulation* »), fè lòt-la tounen yon maryonèt, yon prolonjman pròp tèt pa mwen pou satisfaksyon mwen. Renmen tout bon-an fè ἔρος-la ak φιλία-a rive nan aboutisman yo, nan dènye degre yo te kapab rive.

Lè nou distenge konsa, ant twa fòm renmen-yo, sa pa vle di nou separe yo nèt. An realite nan lavi moun-nan, chanm-yo louvri youn sou lòt menmsi li toujou posib pou yon moun rete nan yon sèl chanm epi fèmèn tout pòt. Men, si moun nan byen nan tèt, l-ap rivè fè ekilib-la, l-ap fè koneksyon diferan nivo-yo nan lavi-l.

Desizyon lib³, volonte pou chèche sa ki byen pou lòt-la, pou chèche sa k-ap pèmèt lòt-la devlope tout kapasite-l epi sitou vin pi lib pou li responsab lavi-li, jous li ta rive li-menm tou aprann bay lavi-li, aprann bay lavi: se sa ki renmen tout bon-an. Se pa yon repliye sou tèt pa-ou pou kenbe moun-nan paske ou pè gade avni-an an fas, ou-ap chèche sekirite, ou bezwen kontrole, ou bezwen kenbe, domine, paske ou pa gen pròp kolòn vètebral pa-ou. Lè sa-a ou tounen yon sansi, e ou-ap detwi lòt-la: sa-a se kontrè renmen-an.

³ Se volonte-a ki pèmèt sa. βούλησις an grèk se volonte, entansyon, anvii, tandans jeneral moun-nan genyen pou-l rive nan byen-an antan rezon-an ap regle « apeti » sa-a.

Kounye-a nou ka tounen sou kesyon nou te poze pou kòmanse-a. Lè-ou di yon moun ou renmen-l, fòk ou ta rive mete « anvi » (« *désir* ») ou genyen parapò a moun-nan jous nan rotè sa-a. Kote ki pi ro, pi lwen pase tèt pa-ou oubyen pase moun-nan li menm. Ou-ap chèche sa ki byen-an, sa ki koresponn ak richès ki dwe devlope nan moun-nan, e sa koresponn ak richès ki dwe devlope nan ou menm tou.

Si renmen-an se dènye bout moun-nan, nivo relasyon pi ro li ka viv, dènye nivo reyalizasyon sa-l ye-a, ebyen, desizyon vle wè byen moun-nan se dènye bout, dènye degre renmen-an, se « *caritas* »-la, se ἀγάπη-a. Men la-a, fòk nou ta di tou renmen ἀγάπη-a se yon kado ki soti nan Bondye, yon fòs volonte moun-nan pa kapab rive genyen pou kont li (« *vertus théologiques: foi, espérance, charité* »).

Konsa, tout moun-nan se tankou yon flèch ki pati pou-l ale nan direksyon dènye bout realizasyon-li. Genyen yon progrè ki dwe fèt sot nan ròrèt rive nan rèk, pou akonpli, fin apwen, nan mi. Pase nan timoun rive nan granmoun... pouse dan sajès, konprann konpòtman nou epi dirije-l. Progrè yon renmen ki fin devlope pou li proche, avanse nan direksyon renmen tout bon-an ki se Bondye li menm.

Nan premye etap kwasans ak devlopman renmen-an, li gen tandans retounen sou li menm, fèmen, pliye, posede, kontrole, kenbe, toufe... Li bezwen lòt-la pou-l egziste, se yon « *conatus essendi* », yon efò, yon tansyon pou sèvi ak lòt-la pou rezoud problèm pa-ou, pou konble vid ou santi anndan-ou. Lè renmen-an rive grandi vre, ebyen, li « *relax* », li se yon swaf libète pou lòt-la, yon bezwen wè lòt-la ap kase chenn-li. Lè renmen-an fin devlope, li se dènye degre libète epi an menm tan dènye degre kominyon, inite total. Libète tout bon fè moun-yo fè youn tout bon. Si renmen ròrèt-la kapab bay etoufman, lòt-la santi ou vlope-l pou toufe-l, pou sèvi avèk li, renmen ki rèk-la fè lòt-la vole ak pròp zèl pa-l, fè-l respire ak tout poumon li, fè-l viv an plen.

Se poutèt sa, Bondye, ki se renmen-an menm, ἀγάπη nèt ale-a, li se twa k-ap viv youn pou lòt, twa ki sitèlman vle lòt-la deplwaye tout sa-l ye, li dispoze sakrifye tout sa-l ye. Jan youn ye pou lòt fè tout sa lòt-la ye rive kapab egziste san rete. Papa-a pèmèt Pitit-la realize an plen « *filiation* »-li, Pitit-la pèmèt Papa-a reyalize an plen « *paternité* »-li, Espri-a egziste kòm souf Papa-a ak Pitit-la e

li pèmèt « *spiration* » Papa-a ak Pitit-la realize nèt : debòdman, jayisman san rete nan renmen-an. « *Unité qui engendre la différence, différence qui engendre l'unité* ». Se nan direksyon kwa-sans nan renmen-an nou pral gade reyalite sa yon papa ye.

B. Bondye Papa / Bondye Manman

Nan yon konvèsasyon avèk yon zanmi-m, yon lè nou rive sou kesyon èske Bondye se Papa oubyen èske li se Manman. Nou te konnen byen kesyon fi ak gason, sa vle di reyalite matènite (vin manman) ak patènite (vin papa) se yon kondisyon moun sou tè-a epi se yon fòm limitasyon paske kondisyon papa-a, gason-an, pa kapab di tout richès ki gen nan sa moun ye-a ki se pòtre Bondye, menm jan kondisyon manman-an pa kapab eksprime tout richès Bondye-a. Men nou te konnen tou patènite-a ak matènite-a se yon imaj ki pèmèt nou dekouvri epi rakonte yon ti kras kisa Bondye dwe ye li menm.

Depi nou piti, nan lafwa Egliz-la, Jezu ak Apot-yo aprann nou rele Bondye: « Papa ». Lè sa-a kon nou di Bondye « Manman », nou bite sou li. Se yon kesyon abitud oubyen si nou vle konprann tout bagay dapre mantalite pouvwa lèzòm, nou ka di sa choke nou paske sosyete-a bay gason plis valè pase fi, oubyen ankò yo ta vle konsidere se gason-an ki gen ròl ki pi enpòtan. Donk se li menm ki ka sèvi modèl, referans, pou pale sou Sa-a ki pi enpòtan-an.

Kòm se « Papa » yo aprann nou rele Bondye, lè sa-a, pou fasilite tout bagay, moun ki reflechi-yo konn di Bondye se yon Papa ki gen kè Manman, oubyen ankò, Bondye se yon Papa ak zantray Manman (cf. Izayi 49,15; Nonb 11,12) jan kèk tèks Ansyen Testaman-an ta envite nou di. Men si nou ta di alanvè, Bondye se yon Manman ki gen kè Papa, nou t-ap reaji tousuit pou nou di non... Paske nan sosyete nou-an yon kè Papa se ta prèske yon kè di, san konpreansyon, ki pa pran priyè, san yon ti kras tandrès gen de lè. Antouka, nenpòt kilès nan de pozisyon-yo bay problèm epi, tout jan, yo oblije nou reflechi sou lide nou genyen nan tèt nou parapò a realite papa-a ak manman-an. Men an plis se yon fo-problèm ki parèt, paske nan Bondye nou pa kapab distenge yon « anndan » ak yon « deyò », paske nan sa Bondye ye-a pa gen plis ak mwens, sa-k fè Bondye se Bondye-a (« *la nature divine* ») li se menm-nan tout jan, pa gen anndan, pa gen deyò, toupatou se menm... Realite

sa Bondye ye-a fè li toutalafwa papa ak manman, manman ak papa nan sa de mo sa-yo vle di ki pi ro, ki pi fon, ki pi bèl!

Men, gen yon bagay ki sèten, sèke Jezi prezante nou realite Papa-a nan Bondye, sa vle di: sans ki cache epi ki devwale nan realite kondisyon Papa-a, sans ki pi ro-a, sans ki pi fon-an ta kapab pèmèt nou konprann epi dekouvri pi byen sa Bondye ye.

Fòk nou remake nan Bondye « gen » patènite – filyasyon – spirasyon,⁴ oubyen pito nou ta di Bondye « se » patènite paske li se filyasyon paske li se spirasyon⁵. Tout Bondye se relasyon Papa-Pitit-Espri-a. Donk lè n-ap pale de Bondye-Papa-a, se pa pou nou limite entelijans-nou kòm si nou ta vle di se Papa-a sèlman ki Bondye, paske pa t-ap gen Papa, si pa-t gen Pitit, pa t-ap gen ni Papa ni Pitit si pa-t gen jayisman Souf-la, Espri-a ki soti nan ni youn ni lòt, ki soti nan youn pase nan lòt. Bondye se yon relasyon renmen total, Bondye se renmen san limit Papa-a ak Pitit-la ak Espri Sen-an.

« Pou tout moun fè youn, menm jan ou menm, Papa, ou nan mwen, epi mwen menm mwen nan ou, pou yo menm tou yo nan nou ; pou tè-a kwè se ou menm ki voye-m. Glwa ou te ban mwen-an, mwen ba yo li, pou yo fè youn, tankou nou menm nou fè youn-nan, mwen nan yo, menm jan ou menm nan mwen, pou yo fin fè youn nèt, pou tè-a konnen se ou menm ki te voye mwen, epi pou-ou renmen yo, menm jan ou renmen mwen-an » (Jan 17, 21-23).

Si nou vle fè konparezon ak realite sou tè-a, - konparezon pa janm vle di rezon -, nou ta kapab di realite sa fi-a ye-a, sa matènite-a ye-a, se apati Espri Sen-an pou nou ta eseye konprann-li. Espri Sen-an, èske se pa « Konsolasyon an », èske se pa « zantray mizerikòd-la », èske se pa li ki « bay lavi » jan *Credo*-a fè nou di-a⁶. Yon lòt konparezon ankò, - konparezon, se pa rezon -: nou ta kapab di ant yon papa ak yon pitit, gen yon manman; manman-an se madanm « *épouse* » parapò a papa-a epi li se manman « *mère* » parapò a pitit-la... men fòk nou fè atansyon paske nan realite Trinite-a, Espri Sen-an pa manman Pitit-la, se nan Papa-a toutantye li soti depi tout etènite... donk an nou kite tout konsiderasyon sa yo pou nou rete ak sa Liv ki sen-yo di nou: Nan li menm, « *Bondye se renmen* », nan sans nou te eksplike anvan-an : ἀγάπη. Parapò a nou menm, Bon-

⁴ « Paternité - Filiation – Spiration ».

⁵ Pou nou pa gen enpresyon Bondye se yon realite pi gran ki gen twa ti realite ladan-l.

⁶ Espri-a se ta fekondite Bondye, zantray-li parapò a nou menm, parapò a kreasyon-an.

dye Espri-a, Bondye Manman-an anfanse nou gras a Egliz-Epouz-la, li « *sèvi temwen ansanm ak espri pa nou-an, nou se ti pitit Bondye* » (Romen 8,16), li fè nou tounen pitit pou nou ka rele « Abba », Papi! Oubyen ankò nou ka di: Papa-a, nan Espri-a, fè nou tounen Pitit li-a. Oubyen ankò: Pitit-la gras a Espri-a vin fè youn avèk nou pou-l mennen nou al jwenn Papa-a. Konsa nou ka di:

- | | | |
|-------------------------------|-------------------|---------------|
| - Ou menm! Abba! | <i>Abba!</i> | Papi! |
| - Nan Ou ! Spiritus et Sponsa | <i>Maranatha!</i> | Vini Granmèt! |
| - Menm jan ak Ou! Filius | <i>Hosanna!</i> | Sove nou non! |

C. Yon Papa pou libète, responsabilite nan renmen total-la

Kounye-a, nou kapab gade pi pre sa yon papa ye nan relasyon li ak manman-an epi pitit-li. Se dapre eksperyans nou viv nou pral fè sa. Se toujou eseye pran yon distans parapò a yon realite n-ap benyen ladan-l. Li toujou delika pou pran distans sa-a, men li nesèsè pou nou kapab pa pase akote egzistans-nou epi pou nou pa defòme kado lafwa-a nou jwenn nan Egliz-la.

Moun vin moun lè li viv ak moun. Se pa tankou ti bèt-la ki gen tou sa-l bezwen nan li pou-l rive realize sa-l ye-a, menm si li pa gen okenn lòt bèt parèy li bò kote-l. Moun-nan menm bezwen avèk lòt-yo pou sa-l ye-a kapab devlope. An verite, tout moun ki reflechi byen sou sa-l ye, gen pou-l dekouvri dimansyon sa-a ki pi fon nan li pase lòt-yo, ki se kondisyon nesèsè pou li pa rete nan nivo bèt epi pou-l jwenn ekilib-li nan divès aspè sa-l ye: Pa gen mwayen pou yon moun moun si li pa moun-avèk, li pa kapab egziste si-l pa egziste-avèk-lòt-yo. Se nan direksyon sa-a moun-nan ka rive jwenn bonè-li, kontantman-li oubyen malè-li, se la moun nan ka rive bati, konstwi oubyen detwi lavi-li.

Aprann mache, manje, pale, reflechi, lign dwat, rezònman lojik, etc., tout bagay sa-yo nou fè yo gras a lòt-yo, avèk lòt-yo. Tout devlopman fizik, psikolojik epi nan relasyon ak Bondye, yo tout pote mak premye relasyon nou te tabli ak lòt moun-yo depi nan vant manman-nou. Se poutèt sa premye ane lavi yon timoun enpòtan anpil paske tou sa moun-nan pral ye demen, lè li va gen pròp otonomi pa-l, lè-l va gen kapasite pran desizyon pou kont-li, tou sa, se nan premye ane-yo, premye kontak-li avèk lòt-yo li pral pran fòm. Tout devlopman, tout defòmasyon, tout krochi moun-

nan pral krochi demen oubyen tout ekilib, tout kapasite pou viv byen nan po-l epi avèk lòt-yo, se la li kòmanse.

Se dapre kalite relasyon paran-yo genyen ak pitit-yo tout sosyete-a mache paske se nan fanmi-an nou asimile, nou dijere tout eleman ki pou pèmèt nou viv ak lòt-yo. Se poutèt sa li enpòtan pou nou analize, egzamine ki kalite rapò nou te genyen epi nou genyen avèk paran-nou pou nou kapab konprann ki sa nou ye epi poukisa se konsa nou ye epi ki kote n-ap jwenn pwent fil ki va pèmèt nou demele tout ne ki mare nan nou.

An nou gade ki ròl papa-a genyen nan deroulman kwasans lavi moun-nan pou nou ka konprann pi byen kisa patènite-a ye.

Relasyon yon ti moun ap viv avèk manman-li, nan premye moman egzistans-li, se yon relasyon san diferans, kò manman-an avèk kò pa-l fè yon sèl. Pou manman-an ti moun-nan se kòm yon prolonjman kò-li an menm tan li gen konsyans se yon plis pase kò-li, se yon vizavi li gen an fas-li. *Premye sekous* timoun-nan pral pran nan akouchman-an ak koupe lonbrik-la pral fè-l pran kontak imedyà ak sa ki pi lwen kò manman-an. L-ap depase limit li te genyen sou plan fizik-la pou-l antre nan yon realite li po ko konnen. *Dezyèm sekous*-la se nan sevre-a. Gras a lèt li t-ap bwè-a, kò-li ak kò manman-an te kontinye fè yon sèl. Li te bezwen manman-an, men li pa-t konnen manman-an. An realite se lèt-la li t-ap chèche. De sekous sa-yo gen konsekans grav nan lavi timoun-nan. Petèt, dezyèm-nan pi grav toujou, pase timoun-nan viv-li ak sèvo-li ki kòmanse travay epi adapte ak realite deyò-a pandan li rete soude toujou ak sa-l te ye anvan-an (« *le sein maternel* »). Koulye-a fòk li fè diferans ant manman-l ak li menm.

Men anvan sevre-a, gen yon lòt eleman k-ap parèt: se relasyon avèk papa-a. Se la li pral dekouvri relasyon avèk yon lòt ki pa ni li menm, ni manman-an, yon lòt ki diferan nèt, men an menm tan tou, yon lòt ki atiran, ki ouvri yon lòt orizon. Manman-an mennen timoun-nan al jwenn papa-a, timoun-nan suiv menm mouvman kè manman-an. Papa-a se sa-a ki mete timoun-nan an kontak avèk sosyete-a, se relasyon ki pèmèt li soti nan bra, nan vant manman-an pou l-al rankontre lòt-yo. Relasyon avèk papa-a, se premye relasyon lib timoun-nan genyen, ki pral fè li responsab.

Avèk manman-an, relasyon-an prèske « oblije », se yon « bezwen ». Avèk papa-a, relasyon-an se yon « chwazi », yon premye

elan libète li ye pou timoun-nan, se premye chwa li pral fè. Li « anvi » relasyon sa-a nan yon lòt nivo pase nivo manje, bwè, dòmi-an. Nou ta kapab di se apati lè sa-a timoun-nan ap kòmanse soti nan έροϋ-la pou-l avanse nan direksyon άγάπη-a.

Poutèt sa, relasyon avèk papa-a fondamantal pou devlopman afektivite ak libète timoun-nan. Si se pa sa, timoun-nan ap rete fèmen nan relasyon san diferans li te genyen ak manman-l nan. Li gen dwa yon moun ki pa janm rive adapte-l ak realite-a epi ki pa janm rive padonnen manman-l poutèt dezyèm sekous sevre-a. Si relasyon avèk papa-a te deja la, se li menm k-ap pèmèt timoun-nan retounen al jwenn manman-l, lè-l fin sevre, ak yon renmen ki lib, ki pa tou senpleman yon kondisyonman biyolojik, men ki yon desizyon moun.

Sa pa vle di relasyon renmen manman-an ak pitit la enferyè parapò a renmen papa-a ak pitit-la. Non! sa vle di se de kalite renmen diferan e yo chak gen ròl pa-yo nan travay devlopman pèsonalite timoun-nan. Kalite relasyon imedya ki genyen ant timoun-nan ak manman-l nan nesèsè, men fòk li depase-l pou-l ka gen pròp otonomi pa-l. Kalite relasyon timoun nan ak papa-l la se li menm ki mete-l nan direksyon kwasans-li. Li fè-l soti nan realite san diferans-la pou li kapab aksepte, akeyi sa ki diferan, lòt la...

Sètènman timoun-nan gen pou-l depase relasyon avèk papa-a tou, paske l-ap gen yon projè pou lavi pa-l pou-l realize. E se la-a patènite-a ak matènite-a ap rive nan yon etap definitif kote « filyasyon »-an ap pran fòm li t-ap bat pou-l genyen-an. Lè sa-a, manman, papa ak pitit-la, yo chak nan sa ki pròp a yo menm, ap rive nan ekilib yo.

Papa a, se vwa ki rele-nou, rale-nou soti nan vant manman-an pou li poze nou an fas realite-a epi pou nou reponn ak tout sa nou ye. An menm tan, papa-a entrodui nou nan relasyon ak frè ak sè nouyo (« fraternité »).

Depi nan vant manman-l, kè timoun-nan ap santi, ap viv tout sa kè manman-an ap viv. Prezans papa-a, se li menm ki fè manman-an santi-l byen, an sekirite, se li menm ki fè kè-l bat, se li menm ki reveye renmen nan li, e lè sa-a relasyon ant ti bebe-a ak papa-l deja kòmanse pa lentèmedyè manman-an. Donk se papa-a vre ki fè timoun-nan antre nan diferans e ki pral pèmèt-li aksepte toke

kòn-li ak tou sa ki diferan, tou sa ki ta sanble vin dezòganize trankilite li te genyen kote tout bagay te sou kontròl-li. Kapasite pou adapte nan nouvo sitiasyon epi pou jwenn ekilib a chak fwa, se sign yon devlopman kòrèk lakay moun-nan. Rive kenbe kontròl tèt-ou lè sitiasyon-an dekontrole, rive pa pèdi kap-ou epi ale jous nan bout angajman-ou te pran, san-ou pa rete nan yon dependans iresponsab, se sa yon papa dwe pèmèt pitit-li fè.

Nou ka imajine ki kalite ravaj sa kapab fè nan lavi yon timoun lè papa-a pa la oubyen ankò lè relasyon avèk li-a se yon relasyon kraze-brize dominasyon. Se sa kardinal Daneels vle di lè-l deklare an jeneral papa-yo sou tè-a se « *miroirs brisés* » ki pa rive reflekte tout figi Papa tout bon-an. Sa timoun-nan viv ak paran-li, nan premye ane egzistans li-yo, pral make-l pou lavi diran e pral detèmine kalite relasyon li pral genyen avèk lòt moun, avèk tèt pa-l, avèk sosyete-a, avèk Bondye. Li gen dwa difisil anpil pou yon moun rive antre nan mouvman lavi Jezu-a ki te tout pou Papa-a, oubyen ankò pou yon moun rive priye tankou Jezu epi kite Espri-a di « Abba ! » nan lavi-li. Se vre, papa sou tè-yo kapab tounen yon paravan, yon mas (gen de lè yon grimas), ki anpeche nou ran-kontre Papa-nou ki nan syèl-la, sa Jezu t-ap viv pou li-a. Men se nan relasyon ak papa nou-yo pou nou pase, pou nou depase, pou nou kapab goute Paròl Bondye-a.

Se poutèt sa pè yo gen yon ròl spesyal tou nan kwasans lafwa bati-ze-yo, paske se yon anfantman sa ye pou fè yon moun vin gran moun (« *adulte* ») nan lafwa. Lè pè-yo viv patènite yo tout bon vre yo kapab tounen profèt epi referans pou tout yon jenerasyon ki san papa, san bousòl. Men fòk yo rete nan lekòl sa-a kote tout patènite pran sous li-a (Efezyen 3,14-16) poutèt sa Jezu te di nou: « *Pa rele moun 'papa-nou' sou tè-a ; se yon sèl reyèlman ki 'Papa-nou' nan syèl-la* » (Matye 23,9).

Konklizyon : *Yon papa pou* ἕρος **ki tounen** φιλία **ka rive** ἀγάπη

Mo-yo toujou trò piti pou di sa ki gen pou di-a, men, refleksyon sou sa yon papa ye-a, nou te vle fè-l pou montre kijan papa-a pèmèt renmen-an grandi soti nan sèk fèmèn manman-pitit-la pou li ouvri sou fratènite-a. Nou ta prèske anvii di, dapre sa n-ap viv nan sosyete-a, si yon manman renmen pitit-li jous li mouri pou li, se

yon bagay nòmàl... men si nou ta tandè gen yon papa ki renmen pitit-li jous li mouri pou-li, sa ta sanble yon bagay estraòdinè!

Petèt tout tan papa-yo po ko antre nan bèlte sa yo ye-a, tout tan nou poko fè yo konprann epi ba yo plas yo genyen-an tout bon vre, sosyete nou-an ap toujou malad. Tout tan papa-yo se yon kantite neglijab ni pou manman-yo, ni pou pitit-yo, ni pou pròp tèt pa-yo, se degrade y-ap degrade lavi yo. Lè yo di yon moun se yon « *sanmanman* » sa vle di pou nou se yon moun ki san pitye, san kè sansib. Lè yo di yon moun « *san-papa* », an jeneral sa vle di senpleman li òfelen, men si nou ta rete nan sans jouman « *sanmanman* »-an gen ladan-l, « *san-papa* »-a ta dwe vle di : yon moun ki san responsabiltè, san libète, ki pa kapab sakrifye tèt-li pou yon ideal, donk ki pa kapab renmen vre. Jezu te di li pa t-ap kite nou òfelen, l-ap voye « Konsolatè »-a ba nou ki va aprann nou di « Papi », e ki va vide renmen-an nan kè-nou. Pi gro kontantman-an, kontantman tout bon-an, se nan renmen tout bon-an, renmen tout bon-an se ἀγάπη-a : kilè papa-yo va gen kontantman tout bon vre-a? Pa gen pi gro kontantman pase bay vi-ou pou sa-ou renmen-yo.

Kilè papa-yo ki se pitit tou, va kapab di tankou Pitit-la: « *Moun ki wè-m, li wè Papa-a!* » (Jan 14,9).

P. Maurice Elder Hyppolite, sdb

RESUME

Poser la question de la paternité c'est également poser celle du sens de l'amour qui, selon la vision grecque, peut être perçue comme ἔρως, φιλία, ou ἀγάπη. La révélation chrétienne nous présente la paternité et la filiation dans la dynamique trinitaire et la certitude que Dieu est ἀγάπη. C'est à partir de l'expérience de la paternité humaine, en dépassant tout anthropomorphisme, que nous pouvons appeler Dieu : Père.

Analysant le rapport de l'enfant avec ses parents, l'auteur nous fait comprendre que la relation avec le père est essentielle à la croissance équilibrée de l'enfant puisqu'elle est une relation de liberté, voulue pour elle-même à la différence de celle entretenue avec la mère marquée par la nécessité de satisfaire les besoins primaires et une tendance fusionnelle.

Par le père l'enfant surmonte les premiers traumatismes de sa vie où il est arraché du sein maternel et apprend à vivre des relations de gratuité qui

devront mûrir en amour ἀγάπη. C'est ainsi qu'il pourra revenir vers la mère pour une relation de liberté et de don de soi. La paternité tout comme la maternité authentiques dépassent le biologique et font naître la fraternité et les rapports sociaux objectifs. Si les pères de la terre sont parfois des « miroirs brisés » de la paternité de Dieu, il n'en reste pas moins que c'est dans le plein accomplissement de leur vocation qu'ils rendent possible l'épanouissement de ἔρως et de la φιλία dans l'ἀγάπη.

Pierre Richard René, sdb

ABSTRACT

To raise the issue of paternity is also to raise that of the meaning of love which, according to the Greek vision, can be perceived as *Eros*, *Philia*, or *Agape*. The Christian revelation presents us paternity and filiation in the trinitary dynamics and the certitude that God is *Agape*. It is from the experience of human paternity, by going beyond any anthropomorphism, that we can call God: Father.

Analyzing the relationship of the child with his parents, the author makes us understand that the relation with the father is essential to the child's balanced growth since it is a relation of freedom, desired for itself at the difference of that maintained with the mother which is marked by the obligation to satisfy the primary needs and a fusional tendency.

Through the father, the child overcomes the first traumatism of his life where he is torn off the maternal breast and learns to live gratuitous relations which will have to mature into *Agape* love. This is how he will be able to go back to his mother for a relation of freedom and of gift of himself. When authentic, paternity as well as maternity surpass biology and give birth to objective fraternity and social rapports. If the fathers of the earth are sometimes "broken mirrors" of God's paternity, it is nonetheless in the full achievement of their vocation that they make it possible for *Eros* and *Philia* to bloom in the *Agape*.

(Translated by Marlène R. Apollon)
